



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENVESTISMAN SOUTHERN TIER NAN  
BIDJÈ EGZEKITIF POU ANE FISKAL 2024 LA**

***Bidjè a gen ladan plis pase 151 milyon dola pou pwojè kapital Depatman Transpò  
nan Southern Tier; plis pase 23 milyon dola pou reparasyon wout lokal ak twou  
yo***

***Gen ladan 50 milyon dola pou Inivèsite Binghamton pou kontinye etabli sant pou  
inovasyon teknolojik nan batri***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay sou pwopozisyon kle yo nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 li a pou ogmante djòb ak ranfòse ekonomi an nan Southern Tier nan New York. An akò ak Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a, bidjè a gen ladan yon gwo investisman pou ogmante rezèv lojman ak elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon nan rejyon an.

"Atravè investisman transfòmasyon sa yo nan lojman, inovasyon, edikasyon, ak enfrastruktir, n ap bati yon avni meyè ak pi briyan pou tout moun k ap viv nan Southern Tier", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa a, vil ak lokalite atravè rejyon an ka revitalize katye yo, kreye plis opòtinite pou Nouyòkè yo, epi fè kominote yo vin pi an sekirite, pi abòdab, ak pi fasil pou viv pou asire tout moun gen opòtinite pou pouswiv Rèv New York la".

Plizyè nan pwopozisyon bidjetè Gouvènè Hochul te anonse jodi a an akò ak [Plan Inovasyon Ekonomik](#) lan te anonse nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a pou ogmante djòb ak biznis yo nan elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon atravè Eta New York atravè investisman sible, sipò biznis ak lòt pwogram ki vize endistri ki gen gwo kwasans yo. Bidjè Gouvènè a gen ladan tou plizyè inisyativ pou investi nan edikasyon siperyè ak amelyore atraksyon lokal yo atravè eta a. Pou Southern Tier, plan an gen ladan:

- 1.4 milya dola nan Èd pou Lekòl (School Aid) pou Southern Tier
- Ogmantasyon 95.8 milyon dola Èd Fondasyon (Foundation Aid) pou Southern Tier
- Plis pase 151 milyon dola nan pwojè kapital DOT, sa gen ladan:

- 45 milyon dola pou renouvèlman chose sou Route 17
- 10.3 milyon dola pou ranplase ak repare pon yo atravè rejyon an
  
- 50 milyon dola pou Inivèsite Binghamton pou kontinye etabli yon sant pou inovasyon teknolojik nan batri
- Plis pase 23 milyon dola pou reparasyon chose lokal ak twou yo
- 24 Milyon dola nan envestisman kapital nan inivèsite rejyonal yo, sa gen ladan:
  - 13 milyon dola pou Inivèsite Binghamton
  - 10 milyon dola pou Inivèsite Cornell
  - 963,000 dola pou Kolèj Kominotè Broome (Broome Community College)
  - 250,000 dola pou Kolèj Kominotè Tompkins (Tompkins Community College)
  - 177,000 dola pou Kolèj Kominotè Corning (Corning Community College)
  
- - 16 milyon dola finansman pou sèvis adiksyon
- 10 milyon dola pou amelyore Akademi Ponpye nan Montour Falls
- 6 milyon dola pou pwojè Kontwòl Inondasyon nan Binghamton
- 1.2 milyon dola pou finansman lojman katye ak prezèvasyon riral
- 400,000 dola pou Sant Harriet Tubman pou Libète ak Ekite nan Binghamton University
- 600,000 dola pou Pak Eta Taughannock Falls

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Pwopozisyon bidjè Gouvènè Hochul ki panse pou lavni an gen ladann estrateji devlopman ekonomik entelijan ki pral asire kominote yo nan tout eta a gen resous ki nesèsè pou sipòte biznis yo ak rezidan yo. Envestisman transfòmatif sa yo ki konsantre sou edikasyon, devlopman mendèv, enfrastrikti, ak lojman abòdab demontre angajman kontinyèl li pou estimile ekonomi lokal nou yo. Pwojè sible Southern Tier sa yo pral travay tou pou ankouraje kwasans ekonomik ak ede fè bèl rejyon sa a kontinye avanse".

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418